# baax mooy: rafet jikkó, bàkkaar mooy liy dengi-dengi ci sa dënn, nga bañ nit ci gis ko

Jële nañu ci An-Nuwaas Ibn Samhaan yal na ko Yàlla dollee gërëm mu jële ci Yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc mu wax ne: «baax mooy: rafet jikkó, bàkkaar mooy liy dengi-dengi ci sa dënn, nga bañ nit ci gis ko». Jële nañu ci Waabisata ibn Mahbad yal na ko Yàlla dollee gërëm mu wax ne: ñëw naa ci Yonente Yàlla bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc mu ne ma: "dangaa ñëw ngir laaj lu baax ak bàkkaar", ma ne ko: waaw, mu wax ne: "laajal sa xol, lu baax mooy: lu sa xel dal, sa xol dal ci, bàkkaar mooy: luy dengi-dengi ci sa xel di tëf-tëfi ci sa dënn, donte nit dañu laa wax leneen ba lëntal la".
[الحديث الأول: رواه مسلم، والحديث الثاني: رواه أحمد والدارمي] [Wér na]

Yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc day xamle lu baax ak bàkkaar, mu wax ne: melo wi gën a màgg ci meloy baax mooy rafet jikkó ci Yàlla ci ragal ko, ak rafet jikkó ci nit ñi ci di yenu seen i lor, ak di néew i mer, ak di yaa kanam, ak teey i wax, ak jokk mbokk, ak topp ndigal, ak ñeewant, ak ug mbaax, ak rafet ug nekkaale ak àndaale. Ak ne lu baax mooy loo xam ne xol bi ak xel mi da ciy dal. Bàkkaar nag mooy lu nekk ci xel ci ay lënt mu ciy dengi-dengi te xolam du ci dal da ciy sikk-sàkka, ak di ragal mu nekk bàkkaar, te bëggu ko a fésal ndax li mu bon ci bëti nit ñu baax ñi te mat, ndax te bakkan ni ñu ko binde mooy day bëgg nit ñi di gis yu baaxam, kon bu bañee ñu gis yenn jëf yi kon dafa nekk bàkkaar te du lu baax; donte nit ñi dañu laa ubbee leneen bul jël seen wax fii ak màndargay lënt yi moo ngi dengi-dengi ci sa bakkan, ndax te ubbee ga du dindi lënt ga bu dee teguwul ci xam-xam; waaye bu dee ubbee gi dafa tege ci xam-xamu tegtalu sariiha kon li war ci aji-laaj ji mooy mu dellu ci ubbee ga, donte dënnam tàlliwu ca.



النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY
لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC E-Da'wah Committee